**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI JOQARI**

**HA’M ORTA BILIMLENDIRIW MINISTIRLIGI**

***Berdaq atindag’i Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti***

**Qaraqalpaq filologiyasi fakulteti**

**Qaraqalpaq til bilimi kafedrasi**

Til bilimi teoriyas? **pa’ninen**

# Referat

**Tema:** Fonetika

Orinlag’an: Saparova K.

Qab?lag`an: Dosjanova G.

**No’kis 2013**

# Jobas?:

Kirisiw

**1.** Dawi’sli’ sesler ha’m olardi’n’ klassifikatsiyasi’

**2.** Dawi’ssi’z sesler ha’m olardi’n’ klassifikatsiyasi’

Juwmaqlaw

Paydalanilg’an a’debiyatlar dizimi

# Kirisiw

Fonetika grekshe rhope -«ces», «dawi’s» degen ma’nini bildiretug’i’n so’zden kelip shi’qqan. Fonetika tildin’ seslik ta’repin, tildin’ ma’ni shi’g’ari’wshi’ birlikleri bolg’an so’zlerdegi, morfemalardag’i’ seslerdin’ jumsali’wi’n izertleydi. Ani’g’i’raq aytqanda, seslerdin’ jumsali’wi’ ha’m esitiliwi tildin’ seslik qurami’ ha’m sistemasi’, tu’rli seslik ni’zamlar ha’m olardi’n’ rawajlani’wi’ haqqi’ndag’i’ til biliminin’ ayri’qsha bir tarawi’ fonetika boli’p sanalad Sonday-aq buwi’n, pa’t, intonatsiya til sesleri menen aji’ralmas baylani’sl Sebebi olardi’n’ ha’r qaysi’si’n an’latatug’i’n tildegi seslerden basqa ayri’qsha «sesler» joq. Kerisinshe, buwi’n, pa’t, intonatsiya til birlikleri bolg’an sesler menen birlikte, sesler arqali’ tutas so’zlerde ha’m ga’plerde ko’rinedi. Sonli’qtan da tildegi sesler arqali’ ju’zege shi’g’ari’p, a’melge asatug’i’n buwi’n, pa’t ha’m intonatsiya da fonetika iliminde izertlenedi.

Joqari’da atalg’an fonetikali’q qubi’li’slar menen jazi’w ma’selesi de ti’g’i’z baylani’sl Jazi’w arqali’ awi’zsha so’ylew sa’wlelendiriledi. Awi’zsha so’ylew normasi’na su’yene oti’ri’p g’ana duri’s jazi’w qa’delerin islep shi’g’i’w mu’mkin. Barli’q grafikali’q sha’rtli jazbalardan, soni’n’ ishinde a’lipbedegi ha’riplerden duri’s paydalani’w belgili bir tildegi so’zlerdi ha’mmenin’ bir qi’yli’ etip duri’s jazi’wi’ tiykari’nan fonetika ilimine baylani’sli’ sheshiledi. Sonday-aq, awi’zsha so’ylew ha’m jazi’w o’zinin’ o’zgesheliklerine iye boladi’ Jazi’w mudami’ awi’zsha so’ylew menen sa’ykes kele bermewi mu’mkin. Tildin’ awi’zsha so’ylew normalari’, jazi’w qa’deleri tikkeley fonetika ilimine tiykarlani’p du’ziledi. Sonli’qtan tildin’ awi’zsha ha’m jazba ta’repleri fonetikani’n’ birden bir izertlew obekti boli’p sanalad

Til o’zinin ta’biyati’ boyi’nsha oydi’ bildiretug’i’n adamlar ortasi’ndag’i’ en’ a’hmiyetli qatnas qurali’ boli’p tabi’lad Til-o’zinin’ quri’li’si’ boyi’nsha mazmuni’na ha’m oni’ bildiretug’i’n formasi’na iye

bolg’an tan’balar sistemas Tildin’ seslik ta’repi mazmundi’ an’latad Ol birew ta’repinen xabar beriw ha’m basqa ta’repinen qabi’l etip ali’w ushi’n jumsalad

Forma menen mazmunni’n’ aji’ralmas baylani’sli’ bolg’ani’ si’yaqli’ oy menen oni’ an’latatug’i’n seslik ta’repi ortasi’nda da ti’g’i’z dialektikali’q baylani’s bar. Oylawdi’ an’latpaytug’i’n, materialli’q formag’a iye bolmag’an tildin’ boli’wi’ mu’mkin emes. Soni’n’ menen birge tildin’ seslik ta’repinin’ avtonomiyag’a iye boli’wi’ ha’m ma’lim da’rejede on’ashalani’wi’ na’tiyjesinde belgili fonema tek g’ana jalg’i’z so’zde jumsali’p qoymastan, ol fonema sol tildegi ko’p sanli’ basqa so’zlerde de jumsala beredi. Sonli’qtan da ha’r bir tilde sheklengen sandag’i’ bir neshshe onlag’an fonemalar boli’p, olar tu’rli seslik kombinatsiyalarda jumsali’wi’ na’tiyjesinde sol tildin’ so’zlik qupami’n do’retetug’i’n birneshe on mi’n’lag’an so’zlerdi jasawg’a qatnasad Demek, ses belgili bir so’zge bekitilip qalmastan, onnan belgili da’rejede on’ashalani’p belgili bir so’zlerden abstraktsiyalanad Akad L.V. Sherbani’n’ ko’rsetiwi boyi’nsha fonema belgili da’rejede avtonomiyag’a iye boladi’ . Eger bunday bolmay ha’r bir so’zge sesler bekitilgen boli’p, ol sesler sol so’zlerde g’ana jumsalsa, onda tilde neshe mi’n’ so’z bolsa, seslerdin’ sani’ onnan da birneshe ese ko’birek bolar edi. Jan’a so’zler payda boli’w menen birge jan’a sesler payda boli’p bara berer edi. Onday jag’dayda fonetikali’q ni’zamli’li’q ta , seslik sistema da bolmas edi ha’m tildin’ seslik ta’repin u’yreniw de mu’mkin bolmas edi . Haqi’yqati’nda onday boli’wi’ mu’mkin emes.

Belgili bir ses - fonema o’zinin’ avtonomiyag’a iye boli’wi’ arqali’ ha’m ma’lim da’rejede on’ashalana ali’wi’ na’tiyjesinde tu’rli fonetikali’q jag’daylarda so’zdin’ tu’rli pozitsiyalari’nda, ha’r qi’yli’ sesler menen tu’rli kombinatsiyalarda og’ada ko’p g’ana so’zlerde azli’ ko’pli o’zgeshelikleri menen jumsala beredi. Bug’an tildegi seslik ni’zamlardi’n’

sa'ykes quri'li'sqa iye bolg'an ko'pshilik so'zlerge ten'dey qatnasli' boli'p keliwi de da'lil bola ala alad Mi'sal retinde tu'rkiy tillerindegi sesler u'nlesligin ko'rsetiwge boladi' Aytayi'q, birinshi buwi'nda juwan dawi'sli' kelse, ekinshi ha'm onnan son'g'i' buwi'nlarda da juwan dawi'sli'ni'n' keliwin'; birinshi buwi'nda jin'ishke dawi'sli' kelse, ekinshi ha'm son'g'i' buwi'nlarda da jin'ishke dawi'sli'ni'n' keliwi; birinshi buwi'nda erinlik dawi'sli' kelse, ekinshi ha'm son'g'i' buwi'nlarda da erinlik dawi'sli'ni'n' keliwi; tu'birdin' aqi'ri' u'nlige pitse, og'an u'nliden baslang'an qosi'mtani'n' qosi'li'wi'; tu'birdin' aqi'ri' u'nsiz dawi'ssi'zg'a pitse, og'an u'nsizden baslang'an qosi'mtani'n' qosi'li'wi', h. t. b. Ayi'ri'm mi'sal keltirsek: tap, sap, jap, qap, sa'dep, kitap si'yaqli' so'zlerdin' ha'mmesi ten'dey p sesine tamamlang'an. Olarg'a dawi'sli'dan baslang'an qosi'mta qosi'lg'anda, p fonemasi' ha'mme so'zlerde ten'dey da'rejede o'zgeriske ushi'raydi', yag'ni'y u'nsiz p fonemasi' u'nli b fonemasi' menen ori'n almasadi': tap-tabi'w, sap-sabi'w, jap- jabi'w, qap-qabi'w, sa'dep-sa'debi, kitap-kitab Sol si'yakli' taraq-tarag'i', ju'rek-ju'regi, terek-teregi so'zlerindegi q ha'm g' seslerinin' ori'n almasi'wi' jo'ninde de tap usi'nday pikir ayti'wg'a boladi'

## Dawi'sli' sesler ha'm olardi'n' klassifikatsiyasi'

Tildegi barli'q dawi'sli' seslerge ortaq bolg'an en' uli'wmali'q artikulyatsiyali'q belgi - olardi'n' ha'mmesi jasali'w usi'li' jag'i'nan «juwi'si'n'qi'» sesler qatari'na kirip, olardi' aytqanda so'ylew ag'zalari'ni'n' qanday da bir jerinde tosqi'nli'qti'n' payda etilmewi ha'm dawi'sti'n' qatnasi'ni'n' sha'rt ekenligi boli'p tabi'lad Sonli'qtan da dawi'sli'lardi'n' artikulyatsiyali'q o'zgesheligi ja'ne olardi'n' klassifikatsiyasi' jo'ninde so'z etilgende bul ortaq artikulyatsiyali'q jag'daylar so'zsiz esapqa ali'ni'wi' sha'rt.

Dawi’sli’ seslerdin’ jasali’wi’ndag’i’ uli’wmali’q belgiler bolgan dawi’s shi’mi’ldi’g’i’ni’n’ qatnasi’wi’ ha’m so’ylew ag’zalari’ ta’repinen hawa ag’i’mi’ni’n’ tosqi’nli’qsi’z erkin shi’g’i’wi’ akstikali’q jaqtan sa’ykes muzi’kali’ tondi’ payda etedi. Demek, barli’q dawi’sli’ seslerdin’ negizin muzi’kali’ ton qurayd Soni’n’ menen birge ha’r qi’yli’ dawi’sli’ ses ha’r tu’rli i’rg’aqqa iye bolgan belgili mo’lsherdegi o’zinin’ toni’na iye boladi’ Tiykarg’i’ ton menen qosi’msha tonlardi’n’ o’z-ara u’nlesip, aralasi’p keliwinen dawi’sli’lardi’n’ tembri payda etiledi.

Awi’z ha’m jutqi’nshaq bosli’qlari’ni’n’ (muri’nli’q dawi’sli’lari’ bar bolg’an geypara du’nya tillerinde muri’n bosli’g’i’ni’n’ da) rezonator xi’zmetin atqari’wi’ na’tiyjesinde qosi’msha tonlardi’n’ ayi’ri’mlari’ni’n’ ku’sheyetug’i’nli’g’i’, al ayi’ri’mlari’ni’n’ pa’seyetug’i’nli’g’i’ akustikali’q materiallardan belgili. Usi’ energiyani’n’ ku’sheygen bo’legi dawi’sli’ fonemani’n’ formantasi’ (F) boladi’ Ha’r bir dawi’sli’ ses o’zine ta’n formantli’q quri’li’si’na iye boladi’ ha’m dawi’sli’lardi’n’ bir-birinen o’zgesheligi usi’ jiyiliklerdin’ (formantlardi’n’) ayi’rmashi’li’qlari’nan kelip shi’g’ad

Dawi’sli’ seslerdin’ ayti’li’wi’ndag’i’ muzi’kali’ ton dawi’sti’n’ qatnasi’wi’nan jasaladi’ ha’m ko’pshilik du’nya tillerinde jumsalatug’i’n usi’ «dawi’sli’ ses» termininin’ qollani’li’wi’ da sog’an (muzi’kali’ tong’a) baylani’sli’ boladi’ Seslerdin’ bul topari’ negizinen dawi’s, (u’n, golos ha’m t. b.) so’zi menen baylani’sli’ boladi’ Ma’selen, qaraqalpaqsha - dawi’sli’, qazaqsha - dawi’sti’, o’zbekshe - u’nli, ori’ssha - glasni’y ha’m t. b.

Dawi’sli’lardi’n’ fonemali’q qurami’ ha’r tu’rli tillerde ha’r qi’yli’ boladi’ Ma’selen, qaraqalpaq tilinde tog’i’z dawi’sli’ fonema bolsa, qi’rg’i’z tilinde on to’rt dawi’sli’ fonema, al ingliz, ori’s ha’m o’zbek tillerinde alti’-alti’dan dawi’sli’ fonema bar. Sonday-aq dawi’sli’lardi’n’ qi’sqa ha’m sozi’mli’, dara ha’m quramali’ tu’rleri ha’r tu’rli du’nya tillerinde ha’r qi’yli’ da’rejede ori’n

ali’wi’ mu’mkin. Til biliminde dara dawi’sli’lar monoftong, al quramali’ dawi’sli’lar diftong yamasa triftong dep ayti’lad

Tildegi dawi’sli’ seslerdin’ qi’sqa ya sozi’mli’ boli’p ayti’li’wi’ eki tu’rli jag’dayg’a baylani’sli’ boladi’ Birinshiden, dawi’sli’lardi’n’ sozi’mli’li’g’i’ tu’rli fonetikali’q jag’daylardi’n’ ta’sirinen boli’wi’ mu’mkin. Ma’selen, buwi’nni’n’ tu’rine, pa’tke, so’zdin’ tu’rli pozitsiyasi’nda (basta, ortada, aqi’ri’nda) keliwine baylani’sli’ yamasa qon’si’las dawi’ssi’z seslerdin’ si’pati’na baylani’sli’ dawi’sli’ seslerdin’ sozi’mli’ ya qi’sqa boli’p ayti’li’wi’ bug’an mi’sal bola alad Dawi’sli’lardi’n’ sozi’mli’li’g’i’ndag’i’ bunday o’zgeris qubi’lmali’ boli’p, ol belgili bir dawi’sli’ sestin’ ta’biyati’nan kelip shi’qpaydi’, al ha’r qi’yli’ obektiv fonetikali’q jag’daylardi’n’ sebebinen payda boladi’ Ekinshiden, dawi’sli’ fonemalardi’n’ qi’sqa yamasa sozi’mli’ boli’p ayti’li’wi’ fonetikali’q jag’daylardi’n’ sebebinen emes, al sol fonemalardi’n’ o’zlerine ta’n turaqli’ belgileri boli’wi’ mu’mkin. Geypara du’nya tillerinde o’z-ara qarama-qarsi’ qoyi’latug’i’n qi’sqa ha’m sozi’mli’ fonemalar boli’p, olardi’n’ qi’sqa ha’m sozi’mli’ ekenligi fonetikali’q jag’daylardi’n’ sebebinen emes, al olardi’n’ ta’biyati’na ta’n tiykarg’i’ ja’ne turaqli’ belgisi bola oti’ri’p, ha’r tu’rli fonema retinde usi’ belgisi arqali’ o’z-ara qarama-qarsi’ qoyi’lad Sonli’qtan da fonemali’q bul belgileri so’zlerdin’ ma’nisin aji’rati’w xi’zmetin atqarad Mi’sali’, qi’rg’i’z tilinde: er (mujshina) - eer (sedlo); tu’rkmen tilinde: at (loshad) - at (imena); xakas tilinde: as (zerno) - aas (rot), xas (gus) - xaas (remen), ol (on) - ool (si’n), sox (bey) - soox (xolod) ha’m t. b.

Dawi’sli’ fonemalardi’n’ jasali’w orni’n da’l ja’ne ani’q belgilew ha’m olardi’ klassifikatsiyalaw dawi’ssi’z fonemalarg’a sali’sti’rg’anda biraz qi’yi’ni’raq ha’m quramali’raq boladi’ Jasali’w usi’li’ jag’i’nan barli’q dawi’sli’ fonemalar birgelkili: olardi’n’ ba’rin aytqanda da o’kpeden shi’g’i’p kiyati’rg’an hawa ag’i’mi’ u’zliksiz si’rtqa shi’g’i’p turad Dawi’sli’ fonemalar ayi’ri’m so’ylew ag’zalari’ni’n’ xi’zmeti arqali’ bir-birinen artikulyatsiyali’q ayi’rmashi’li’qqa iye boladi’ Dawi’sli’lardi’n’

ayi’rmashi’li’g’i’n ta’miynlep turatug’i’n so’ylew ag’zalari’ tiykari’nan erinler menen til boli’p sanalad

Fiziologiyali’q jaqtan en’ ha’reketshen’ ha’m aktiv so’ylew ag’zasi’ til bolg’anli’qtan dawi’sli’lardi’n’ jasali’wi’n ani’qlawda ha’m olardi’ klassifikatsiyalawda tildin’ jag’dayi’na tiykarlani’lad Awi’z bosli’g’i’nda tildin’ qanday formag’a eniwi, oni’n’ massasi’ni’n’ awi’z bosli’g’i’ni’n’ qaysi’ bo’limine qaray (artqi’, aldi’n’g’i’, ortan’g’i’ bo’limleri) bag’i’tlani’wi’ awi’z bosli’g’i’ rezonatori’ni’n’ ko’lemin ha’r tu’rli formag’a endirip oti’rad

Basqa barli’q so’ylew ag’zalari’ hesh qanday o’zgerissiz halda turi’p, tek g’ana tildin’ jag’dayi’ni’n’ o’zgeriwi menen awi’z bosli’g’i’ rezonatori’ni’n’ formasi’ o’zgeriske ushi’rawi’ na’tiyjesinde ha’r tu’rli dawi’sli’ sesler jasalad Til awi’z bosli’g’i’ni’n’ ortan’g’i’ bo’limine toplang’an jag’dayda g’ana oni’ (awi’z bosli’g’i’ rezonatori’n) ten’dey eki bo’lekke bo’lip turi’wi’ mu’mkin. Til alg’a ji’lji’g’an jag’dayda awi’z bosli’g’i’ni’n’ artqi’ bo’limi u’lkenirek ko’lemge, al aldi’n’g’i’ bo’limi kishirek ko’lemge iye boladi’: til artqa ji’lji’g’an jag’dayda awi’zdi’n’ artqi’ bo’liminde kishirek, al aldi’n’g’i’ bo’liminde u’lkenirek ko’lemnin’ payda boli’wi’ ta’biyiy qubi’li’s. Tildiin’ bunday jag’daylari’ menen dawi’sli’lardi’n’ formantli’q quri’li’si’ (ha’r bir dawi’sli’g’a ta’n bolg’an seslik o’zgesheligi) tikkeley baylani’sli’ boladi’

Dawi’sli’ seslerdi klassifikatsiyalawda tildin’ jag’dayi’ menen birlikte tiykarg’i’ artikulyatsiyani’ quraytug’i’n erinlerdin’ ha’reketi de esapqa ali’ni’wi’ tiyis. Fiziologiyali’q jaqtan erinler tilge sali’sti’rg’anda sheklengen da’rejede ha’reket ete alad Erinler do’n’gelengen halda alg’a qaray u’yriliwi mu’mkin. erinlerdin’ usi’nday jag’daylari’ menen de dawi’sli’ sesler bir- birinen ayri’li’p turad Erinlerdin’ alg’a qaray u’yriliwi na’tiyjesinde awi’z bosli’g’i’ rezonatori’ni’n’ ko’lemi (a’sirese oni’n’ aldi’n’g’i’ bo’limi) azlap u’lkeyedi ha’m, en’ basli’si’, hawa ag’i’mi’ni’n’ si’rtqa shi’g’i’w joli’ tarayad Bunday jag’day erinlik dawi’sli’lardi’n’ spektrindegi joqarg’i’ formantlardi’n’ jeyligin to’menletiwge sebepshi boladi’

Fonetikali’q a’debiyatlarda dawi’sli’ seslerdi klassifikatsiyalawdi’n’ tiykari’nan eki tu’rin ushi’rati’wg’a boladi’ Bir qatar ilimpazlar dawi’sli’ seslerdin’ ani’q tu’rde bo’lingen artikulyatsiyali’q sistemasi’n usi’nsa, ekinshi topardag’i’lar, kerisinshe, bir artikulyatsiyadan ekinshisine so’ylew ag’zalari’ kem-kem o’tetug’i’nli’g’i’n ha’m olar arasi’nan ani’q shegara qoyi’w qi’yi’n ekenin atap ko’rsetedi.

Dawi’sli’ seslerdi klassifikatsiyalawdag’i’ birinshi ko’z-qaras boyi’nsha tildin’ jazi’q (gorizontal) jag’dayi’ boyi’nsha (alg’a ha’m artqa ji’lji’wi’ jag’i’nan) aldi’n’g’i’, ortan’g’i’, ha’m artqi’ dawi’sli’lar boli’p, tildin’ tik (vertikal) jag’dayi’ boyi’nsha (joqari’ ha’m to’men ji’lji’wi’ jag’i’nan) joqarg’i’, to’mengi ha’m ortan’g’i’ dawi’sli’lar boli’p, erinnin’ qatnasi’ jag’i’nan erinlik ha’m eziwlik dawi’sli’lar boli’p bo’linedi. Bul ko’z-qaras boyi’nsha dawi’sli’ seslerdin’ ha’r bir tipi ortasi’na qatan’ ani’q shegara belgilenedi.

Til menen tan’lay ortasi’ndag’i’ arali’qti’n’ alti’ tu’rli boli’wi’ tildin’ joqari’ ko’teriliw yamasa to’men tu’siw da’rejesine baylani’sli’ boladi’ Tildin’ ha’r tu’rli ko’teriliw yamasa to’men tu’siw da’rejesinde ha’r qi’yli’ dawi’sli’ fonemalar tipi jasalad

Akademik L. V. Sherba usi’ng’an bul kestede tildin’ tik jag’dayi’ boyi’nsha alti’ basqi’shtag’i’ dawi’sli’ fonemalar berilgen. Kestedegi dawi’sli’ fonemalardi’n’ ha’mmesi tek bir tilde ushi’ri’si’wi’ sha’rt emes, al olardi’n’ ha’r tu’ri ha’r qi’yli’ du’nya tillerinde ushi’rasi’wi’ mu’mkin bolg’an dawi’sli’lardi’n’ tipi boli’p sanalad Dawi’sli’ fonemalardi’n’ sani’ qatan’ esapta bolatug’i’n ha’r bir dara tilde tildin’ joqari’ ko’teriliw yamasa to’men tu’siw da’rejesinin’ qansha basqi’shta boli’wi’ dawi’sli’ fonemalardi’n’ qurami’n ani’qlawdag’i’ basli’ o’lshem boladi’

Tildin’ tik jag’dayi’ boyi’nsha g’ana emes, soni’n’ menen birge tildin’ jazi’q jag’dayi’ boyi’nsha da dawi’sli’lar tipi ortasi’na qatan’ ani’q shegara belgilew mu’mkin emes. Sebebi jazi’q jag’dayi’ boyi’nsha da til a’ste izbe-izli tu’rde ji’lji’wi’ arqali’ ha’m bul jolda ma’lim da’rejede irkiliwi na’tiyjesinde

ha'r tu'rli tiptegi dawi'sli'lar jasali'wi' mu'mkin. Sonli'qtan da til aldi' dawi'sli'si'n ayti'wdan baslap en' teren' til arti' dawi'sli'si'n aytaman degenge shekemgi arali'qta til bir neshe irkilis jasawi' na'tiyjesinde sa'ykes bir neshe dawi'sli'lar tipin payda etiwi mu'mkin.

Ko'pshilik jag'dayda dawi'sli'lardi'n' jasali'wi'nda tildin' ko'teriliwi yamasa to'menlewi jaqti'n' ko'teriliw ha'm to'men tu'siwi menen birlikte iske asad

Sonday-aq formantlar jiyligine dawi'sli'lardi'n' ashi'q-qi'si'qli'g'i', erinlik-eziwlik ekenligi de ma'lim da'rejede ta'sir etedi. Dawi'sli' ses qanshelli ashi'q bolsa, @8 jiyiliginin' joqari' bolatug'i'nli'g'i', al dawi'sli'ni'n' erinlik boli'wi' @88 jiyiliginin' to'menlewine ali'p keletug'i'nli'g'i' ko'p g'ana tillerdin' akustikali'q izertlewleri tasti'yi'qlayd Bunday jag'daydi' qaraqalpaq tilinin' materiali'nda da ko'riwge boladi' (kestedegi tsifrlardi' sali'sti'ri'p, tallap qaran')

Dawi'sli' fonemalar awi'z yamasa muri'n bosli'g'i'ni'n' qaysi'si'ni'n' rezonator xi'zmetin atqari'wi'na qaray oti'ri'p ta klassifikatsiyalanad Bul jag'i'na qaray dawi'sli'lar awi'zli'q ha'm muri'nli'q boli'p bo'linedi. awi'zli'q dawi'sli'lardi' aytqanda jumsaq tan'laydi'n' muskullari' tarti'latug'i'n halda joqari' ko'terilip, muri'n joli'n jawi'p turad solay etip, hawa awi'z bosli'g'i' arqali' o'tedi de, rezonator xi'zmetin awi'z bosli'g'i' atqarad Muri'nli'q dawi'sli'lardi' aytqanda jumsaq tan'lay tu'sin'ki halda turi'p, muri'n joli' ashi'ladi' ha'm hawa ag'i'mi'ni'n' bir bo'legi muri'n bosli'g'i' arqali' o'tedi. Na'tiyjede muri'n ha'm awi'z bosli'qlari' birlikte rezonator xi'zmetin atqarad fiziologiyali'q jaqtan dawi'sli'lardi' da muri'nli'q etip ayti'wg'a boladi' Biraq du'nya tillerinde muri'nli'q dawi'sli'lari' siyrek ushi'rasad Ma'selen, frantsuz, portugal, polyak, tuva, ha'm t. b. tillerde muri'nli'q dawi'sli' fonemalar ushi'rasad Ko'pshilik tillerde dawi'sli' seslerdin' muri'nli'q tu'rde ayti'li'wi' fonetikali'q jag'daydi'n' sebebinen (muri'nli'q dawi'ssi'zlardi'n' ta'sirinen) boladi'

## Dawi’ssi’z sesler ha’m olardi’n’ klassifikatsiyasi’

Dawi’ssi’z sesler sistemasi’ lingvistikali’q a’debiyatlarda konsonantizm[a’] degen atamada atalad

Dawi’ssi’z seslerdi aytqanda o’kpeden shi’g’i’p kiyati’rg’an hawa ag’i’mi’ ayi’ri’m so’ylew ag’zalari’ni’n’ tusi’nda tosqi’nli’qqa ushi’rap, soni’n’ saldari’nan tosqi’nli’qti’ jen’iw ushi’n hawa ag’i’mi’ni’n’ pa’ti ku’sheyedi. Na’tiyjede dawi’ssi’z seslerge ta’n bolg’an shawqi’m payda etiledi. Dawi’ssi’z sesler ya tek shawqi’mnan, yamasa shawqi’m menen birlikte dawi’sti’n’ qatnasi’nan jasalad Solay etip, dawi’ssi’z seslerdin’ artikulyatsiyasi’ shawqi’mdi’ payda etiwge beyim boladi’ Shawqi’m menen birlikte olardi’n’ ayti’li’wi’nda dawi’sti’n’ qatnasi’wi’ da qatnaspawi’ da mu’mkin. Dawi’sti’n’ qatnasi’ (yamasa qatnaspawi’) jag’i’nan dawi’ssi’z sesler u’nli ha’m u’nsizler boli’p bo’linedi. Eger de dawi’ssi’z sesti aytqanda dawi’s shi’mi’ldi’g’i’ dawi’sti’ payda etetug’i’nday jag’dayda bolsa, onda u’nli dawi’ssi’z ses, al dawi’s shi’mi’ldi’g’i’ dawi’sti’ payda etpeytug’i’nday jag’dayda bolsa, onda u’nsiz dawi’ssi’z ses jasalad Artikulyatsiyali’q jaqtan qa’legen dawi’ssi’z sesti u’nli ha’m u’nsiz tu’rinde jubaylasti’ri’p ayti’wg’a boladi’ Mi’sali’, p-b, f-v, t-d, s-z, sh-j ha’m t.b. Biraq barli’q tillerde ha’mme dawi’ssi’z seslerdin’ u’nli-u’nsiz jubaylaslari’ni’n’ bola beriwi sha’rt emes. Ma’selen, ayi’ri’m tillerde u’nsiz, muri’nli’q dawi’ssi’z sesler gezlesip, olar o’zlerinin’ u’nli jubaylaslari’ menen birge jumsalatug’i’n bolsa, al ko’pshilik tillerde tek u’nli (yamasa sonor) muri’nli’q dawi’ssi’z sesler ushi’rasad Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde p-b, f-v, t-d, s-z, sh-j, k-g dawi’ssi’z sesleri o’zlerinin’ u’nli ha’m u’nsiz jubaylaslari’na iye boli’p, olar o’z-ara ayri’qsha foneme retinde qarama-qarsi’ qoyi’lad Al qalg’an dawi’ssi’z sesler (soni’n’ ishinde muri’nli’q dawi’ssi’z da) onday boli’p jubaylaspaydi’, u’nli-u’nsizligi jag’i’nan qarama-qarsi’ qoyi’lmayd

U’nli ha’m u’nsiz dawi’ssi’z sesler o’z-ara tek dawi’sti’n’ qatnasi’ jag’i’nan emes, sonday-aq o’kpeden shi’qqan hawa ag’i’mi’ni’n’ pa’ti jag’i’nan

da ayi’ri’li’p turad :nsiz dawi’ssi’z sesler ku’shli hawa ag’i’mi’ menen, al u’nli dawi’ssi’z sesler o’lpen’irek hawa ag’i’mi’ menen ayti’lad Sonli’qtan u’nsiz dawi’ssi’z seslerdi ori’s tiline ku’shli (silni’e), u’nli dawi’ssi’z seslerdi ku’shsiz (slabi’e) dep te atayd Sonday-aq ha’zirgi qazaq tilinde u’nli dawi’ssi’zlar «uyan’», u’nsizler «qatan’» degen termin menen ayti’lad

Barli’q du’nya tillerinde u’nli dawi’ssi’z sesler ku’shsiz, al u’nsiz dawi’ssi’zlar ku’shli hawa ag’i’mi’ menen ayti’la bermewi de mu’mkin. Geypara tillerde dawi’ssi’z seslerdin’ ayri’qsha tipi ushi’rasad Onday seslerdi artikulyatsiyali’q belgilerine qaray u’nli, yamasa u’nsiz dawi’ssi’z sesler qatari’na jatqari’w qi’yi’n. Olar dawi’sti’n’ qatnasi’ jag’i’nan u’nsizler qatari’na kirse, al hawa ag’i’mi’ni’n’ o’lpen’ (ku’shsiz) boli’wi’ jag’i’nan u’nli dawi’ssi’z seslerge uqsayd Bunday tiptegi dawi’ssi’z sesler lati’nsha l3n8s (ku’shsiz) degen termin menen atali’p, olar finn tilinde ha’m nemets tilinin’ ayi’ri’m dialektlerinde gezlesedi.[a’]

sonday-aq dawi’ssi’zlardi’n’ jasali’wi’nda jumsaq tan’laydi’n’ jag’dayi’na ha’m qaysi’ bosli’qti’n’ rezonator xi’zmetin atqari’wi’na qaray dawi’ssi’z sesler awi’zli’q ha’m muri’nli’q boli’p eki toparg’a bo’linedi. jumsaq tan’laydi’n’ joqari’ ko’terilip, muri’n joli’n jawi’p turi’wi’ arqali’ awi’zli’q sesler jasalad Jumsaq tan’laydi’n’ tu’sin’ki halda turi’p, muri’n joli’ni’n’ ashi’li’wi’ arqali’ awi’z bosli’g’i’ menen birge muri’n bosli’g’i’ da rezonatr xi’zmetin atqarad Na’tiyjede muri’nli’q sesler ayti’lad Fiziologiyali’q jaqtan ko’pshilik dawi’ssi’z seslerdi muri’nli’q ha’m muri’nli’q emes (awi’zli’q) etip ayti’wg’a boladi’ Biraq ta o’z aldi’na ayri’qsha fonema retinde muri’nli’q dawi’ssi’zlar sani’ jag’i’nan du’nya tillerinde az ushi’rasad Ma’selen, qaraqalpaq tilinde muri’nli’q dawi’ssi’z fonemalar u’shew-m, n, n’; ori’s tilinde ekew-m, n.

Dawi’ssi’z sesler tiykari’nan akustikali’q ha’m artikulyatsiyali’q belgileri boyi’nsha klassifikatsiyalanad akustikali’q belgileri boyi’nsha dawi’ssi’z sesler sonor ha’m shawqi’mli’lar boli’p bo’linse, artikulyatsiyali’q belgileri boyi’nsha eki tu’rli boli’p, jasali’w orni’ ha’m jasali’w usi’li’ jag’i’nan klassifikatsiyalanad

Ashi’q a sesin aytqanda dawi’sti’n’ qatnasi’ ju’da’ ku’shi bolsa, og’an qarag’anda qi’san’i’raq dawi’sli’lardi’ aytqanda dawi’sti’n’ qatnasi’w mu’mkinshiligi kemeyip barad №anshelli qi’san’lasqan sayi’n seslerdi ayti’wdag’i’ shawqi’m payda etiw mu’mkinshiligi ku’sheyip barad dawi’sti’n’ qatnasi’wi’ni’n’ to’menlep bari’wi’ni’n’ endigi basqi’shi’ «yari’m dawi’sli’lar» dep atalatug’i’n y, w, m, n, l, r sonor dawi’ssi’zlari’ boli’p, olar akustikali’q jaqtan dawi’ssi’zlar menen dawi’sli’ seslerdin’ shegarasi’ndag’i’ sesler qatari’na kiredi. A. A. Reformatskiydin’ ayti’wi’ boyi’nsha uli’wma dawi’sli’ ha’m dawi’ssi’z seslerdin’ shegarasi’ qi’si’q i, u dawi’sli’lari’ni’n’ artikuyatsiyasi’ menen sa’ykes juwi’si’n’qi’ y, w dawi’ssi’zlari’ni’n’ artikulyatsiyasi’ni’n’ arali’g’i’nan o’tedi. Dawi’s qatnasi’wi’ni’n’ kelesi basqi’shi’ u’nli juwi’si’n’qi’ v, z, j ha’m u’nli jabi’si’n’qi’ b, d, g tipindegi dawi’ssi’z sesler bolsa, al son’g’i’ basqi’shtag’i’ f, s, sh, p, t, k tipindegi dawi’ssi’zlardi’ aytqanda dawi’s pu’tkilley qatnaspay, olar tek shau’qi’m arqali’ jasalad :nli dawi’ssi’zlardi’ aytqanda da dawi’sqa qarag’anda shawqi’m basi’mi’raq qatnasad

Solay etip, dawi’sti’n’ qatnasi’w da’rejesine qaray dawi’ssi’z seslerdi sonorlar ha’m shawqi’mli’lar dep eki toparg’a, al shawqi’mli’lardi’n’ o’zin u’nli ha’m u’nsizler dep tag’i’ da ekige bo’liw ko’pshilik tillerde birazdan berli qabi’l etilgen.

## Juwmaq

Dawi’sli’ ha’m dawi’ssi’z seslerdi ayi’ri’wdag’i’ en’ uli’wmali’q belgi bul buwi’n quray ali’w yamasa buwi’n quray almaw belgisi bolsa kerek. Buwi’n quray alatug’i’n sesler dawi’sli’ sesler, buwi’n quray almaytug’i’n sesler dawi’ssi’z sesler boladi’ Dawi’sli’ ses buwi’nni’n’ orayi’ (yadrosi’), shi’n’i’ bolsa, dawi’ssi’z sesler og’an ja’rdemshilik xi’zmet atqarad Solay etip, buwi’n qurawda dawi’sli’ ses basli’ ori’n tutad Soni’n’ menen bir qatarda, geypara tillerde dawi’sli’ sesler menen birge dawi’ssi’zlar qatari’na jatatug’i’n sonantlar da buwi’n quray ali’w qa’siyetine iye boladi’ Bug’an mi’sal retinde chex tilin ko’rsetiw mu’mkin. Sonday-aq, shaqqan so’ylew waqti’nda so’zden ayi’ri’m dawi’sli’lardi’ tu’sirip qaldi’ri’w mu’mkin. Bul jag’dayda dawi’ssi’zlardi’n’ o’zleri-aq buwi’n quray alad Mi’salg’a ori’s tilindegi pyat-ntsa(pyatnitsa), qaraqalpaq tilindegi ts-le (tisle), qs-qa (qi’sqa), ha’m t. b. so’zlerdi ko’rsetiwge boladi’ Geypara tan’laq so’zler u’nsiz dawi’ssi’z seslerden de quralad Demek, bul u’nsiz dawi’ssi’z seslerden de buwi’n jasala ali’wi’ mu’mkin degen so’z. ma’selen, «ti’ni’sh» degen ma’nide jumsalatug’i’n ori’s tilindegi tss, tshsh so’zleri yamasa tawi’qlardi’ shaqi’ri’w ma’nisinde jumsalatug’i’n ks-ks so’zi; sonday-aq qaraqalpaq tilindegi atti’ yamasa eshekti toqtati’w ushi’n jumsalmaytug’i’n tan’laq so’zler tq-tq. . dawi’sli’ seslerdin’ ja’rdemisiz-aq so’zdi, soni’n’ menen birge buwi’ndi’ payda etip tur.

Joqari’da ayti’lg’anlardan buwi’n quray ali’w qa’siyeti dawi’sli’ seslerdin’ ta’biyati’na ta’n qa’siyet ekenin, dawi’sli’lardi’n’ buwi’n quramawi’ mu’mkin emes ekenin, al dawi’ssi’z sesler tiykari’nan buwi’nni’n’ qurami’nda dawi’sli’ seske ja’rdemshimlik xi’zmetti atqari’wi’ menen birlikte buwi’n qurawda olardi’n’ (dawi’ssi’zlardi’n’) dawi’sli’lar si’yaqli’ tiykarg’i’ xi’zmetti de atqara alatug’i’nli’g’i’n ko’riwge boladi’ Solay etip dawi’sli’lardi’ isenimli tu’rde buwi’n qurawshi’lar dep atag’ani’mi’z benen dawi’ssi’z seslerdi pu’tkilley buwi’n quray almaytug’i’n sesler dep ayta almaymi’z.

## Paydalanilg'an a'debiyatlar

1. Axanov K. Til bilimi negizderi. Almat?, 1973.

2 Da`wletov A. Til bilimi tiykarlar?. No`kis, 2007

3 Da`wletov A. Til bilimi tiykarlar?. No`kis, 2013